

GOD'S SIMPLE PLAN OF SALVATION

Introduction

I JOHANI 5:13 Ndanyora izvi kwamuri imi munotenda muzita roMwanakomana waMwari kuitira kuti muzive kuti mune upenyu husingaperi.

I Bhaibheri rinotiudza kuti tose tirivatadzi uye tinotoda ruregerero kubva kuna Mwari.

Varoma 3:10 Sezvazvakanyorwa zvichinzi: “Hakuna akarurama, kunyange nomumwe;

Varoma 3:23 nokuti vose vakatadza uye vakasavika pakubwinya kwaMwari,



We are all sinners!

II Zvitadzo zvedu zvakatipa rufu rusingaperi.

Varoma 6:23a “Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu,

Revelation 21:8 Asi vanotywa, vasingatendi, navanonyangadza, mhondi, nemhombwe, navanoita zvouroyi, vanonamata zvifananidzo navanoreva nhema, nzvimbo yavo ichava mudziva romoto rinopfuta nesafuri. Urwu ndirwo rufu rwechipiri.”

III Jesu akafira pamuchinjikwa, achitora mutongo wedu uyo waive rufu.

Varoma 5:8 Asi Mwari anoratidza rudo rwake kwatiri pakuti: Tichiri vatadzi, Kristu akatifira.

Varoma 14:9 Nokuda kwaizvozvo, Kristu akafa uye akamuka kuti ave Ishe wavose vakafa navapenyu.

Varoma 6:23a “..... asi chipo chaMwari chokungopiwa ndihwo upenyu husingaperi muna Kristu Jesu Ishe wedu.”



Christ died for sinners!

IV Ruvimbo rwako munashe richakubatsira kuti uregererwe nokuti ane nyasha netsitsi.

Acts 4:12 Ruponeso haruwanikwi kuna ani zvake, nokuti hakuna rimwe zita pasi pedenga rakapiwa kuvanhu ratingaponeswa naro.”

Ephesians 2:8-9 Nokuti makaponeswa nenyasha, kubudikidza nokutenda, uye izvi hazvibvi kwamuri, chipo chaMwari, kwete namabasa, kuti parege kuva nomunhu anozvikudza.

Titus 3:5 Sakatiponesa, kwete nokuda kwezvinhu zvakarurama zvatakaita, asi nokuda kwetsitsi dzake. Akatiponesa kubudikidza nokuberekwa patsva nokuvandudzwa noMweya Mutsvene,



V AJesu kristu uchivimba naye unoregererwa zvitadzo zvako zvese.

Varoma 10:9-10,13 Kuti kana ukapupura nomuromo wako kuti, “Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo mako kuti Mwari akamumutsa kubva kuvakafa, uchaponeswa. Nokuti unotenda nomwoyo wako ugoruramiswa, uye unopupura nomuromo wako ugoponeswa. nokuti ani naani anodana kuzita raShe achaponeswa.”

Kana uchida kutambira Jesu semuponisi wako, shandisa munamoto wakafanana neunotevera. Usakanganwe kuti kungoisa munamoto uyu chete hakukuponisi.kungovimba naShe kunokuraramisa kubva muzvitadzo.munamoto uyu ndewekungotenda ishe nekukuraramisa nekumuratidza ruvimbo rwako maari.

“Mwari,

ndinoziva ndakatadza pamberi penyu uye ndinofanirwa kuwana murango wakakodzera, asi Jesu akatora zvitadzo izvi zvekuti kana ndiine ruvimbo maari neniwo ndicharegererwa. Ndinovimba nemi uye kuti munemasimba nenyasha dzekundiregerera. Ndatenda nenyasha dzenyu neruregerero rwenyu nemubairo hweupenyu husingaperi.Ameni.”